




Jesyon Dechè Solid
Divizyon Kontwòl Moustik
ak Jesyon Abita



Fèy Enfòmasyon sou Kontwòl Moustik

Divizyon Kontwòl Moustik ak Jesyon Abita a pran devan nan veye epi okipe aktivite moustik pandan tout ane a nan kad yon Pwogram Jesyon Vektè Entegre (Integrated Vector Management, IVM), ki gen bagay ki annapre yo ladan:

SIVEYANS

Divizyon an deplwaye yon rezo siveyans ki gen plis pase 160 pyèj moustik nan tout Konte Miami-Dade. Gen yon demi-douzèn enspektè Kontwòl Moustik k ap kontwole pyèj yo regilyèman.

TIP PYÈJ YO

BG-Sentinel – yo sèvi nan zòn rezidansyèl yo pou trape moustik Aedes aegypti ak Aedes albopictus yo.

Pyèj Limyè Piti Sant pou Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control, CDC) – yo sèvi nan zòn andeyò pou rekòlte moustik dlo inondasyon.

Toude pyèj yo sèvi avèk glas sèch pou atire moustik yo. Yo pote moustik ki pran nan pyèj yo nan laboratwa, yo konte yo epi yo voye yo pou depistaj virus (Aedes aegypti ak Aedes albopictus).

Yon ekip syantifik Konte a (antomolojis ak byolojis) rekòlte done siveyans moustik yo pandan tout ane a

Men tip done yo rekòlte yo:

✓ Espès moustik yo ✓ Sèks ✓ Kantite moustik yo (popilasyon moustik la)

ENSPEKSYON

Enspektè Kontwòl Moustik yo reponn demann sèvis yo rapòte bay Sant Kontak 311 Konte a. Enspektè yo gen kôm travay:

- Enspekte pwopriyete rezidansyèl ak komèsyal yo pou jwenn sous moustik.
- Enspekte pwopriyete pleyan an, epitou zòn yo nan vwazinaj la.
- Chèche tout tip kontenè ki kenbe dlo epi ki pèmèt moustik yo miltipliye.
 - Lè yo jwenn moustik k ap miltipliye, yo vide kontenè yo, epi yo elimine sous nwizans la.
 - Yo kapab sèvi avèk lavisid pou trete plant ki kenbe dlo yo ak gwo kontenè yo pa kapab vide fasil; yo kapab mete pwason ki manje moustik nan pisin dlo dòmi yo.
- Yo flite lakou yo avèk ekipman pòtab pou flite pou touye moustik granmoun yo.





KONTWÒL

Yo sèvi avèk pestisid lè sa nesesè pou elimine moustik granmoun ak lav moustik.

Yo flite apati kamyon epitou fè tretman mènyèl lavisid ak adiltisid san rete toupatou nan konte a. Lè sa nesesè, yo fè tretman adiltisid la pa avyon.



EDIKASYON AK SANSIBILIZASYON

Yon kanpay edikasyon ak sansibilizasyon fèt pou fè rezidan yo sonje wòl yo nan kontwòl moustik yo.

- **Gen atelye "Moustik 101 (Mosquito 101)"** ki planifye nan tout konte a pou edike rezidan yo sou kijan pou yo redui miltiplikasyon moustik lakay yo.
- Kanpay nan twa lang (angle, panyòl, ak kreyòl) "Vide Dlo ak Kouvri Kò W" lan kontinye sèvi pou edike sitwayen yo sou mezi prevansyon gras a televizyon, enprime, radyo, entènèt, afich deyò ak reklam ak tèks sou medya sosyal.
- Pèsonèl la ap fè prezantasyon sou efò yo pou kontwòl moustik nan lekòl, asosyasyon mèt kay, gwoup komunitè, minisipalite ak gwoup endistri ki enterese aprann plis sou moustik.

REKRITMAN

Pèsonèl la plis pase pase triple an kantite sòti nan 17 rive nan 59 pandan 2016 epi li gen ladan:

- **38** manm pèsonèl enspeksyon kontwòl moustik;
- **13** manm pèsonèl siveyans (pami yo gen teknisyen laboratwa ak byolojis); epi
- **8** manm pèsonèl administratif, pami yo Direktè Divizyon DSWM nan, Dtè. William Petrie, ki gen yon doktora nan domèn Byoloji Repwodiksyon Moustik, ajan sekirite, pèsonèl soutyen, ak de ajan enfòmasyon publik.

